

# Kesyon Moun Poze Souvan sou LIHWAP

N ap jwenn repons pou annpil kesyon moun poze souvan sou Pwogram Asistans Dlo pou Fanmi ki gen Revni Fèb (Low Income Household Water Assistance Program, LIHWAP) la nan seksyon sa a.

## **Kisa benefis LIHWAP yo ye?**

LIHWAP se yon pwogram gouvènman federal la finanse nan lide pou ede fanmi ki gen revni ki fèb ki depanse yon gwo pati nan revni yo pou sèvis dlo ak egou. Benefis LIHWAP yo kapab ede fanmi ki gen bòdwo ki anreta pou sèvis dlo ak/oswa egou.

## **Kijan m ap resevwa benefis LIHWAP yo pou fanmi mwen?**

Yo peye benefis yo dirèkteman bay konpayi dlo ak/oswa egou fanmi an ki founi dlo ak/oswa egou bay fanmi an.

## **Konbyen m ap resevwa nan benefis LIHWAP yo?**

Benefis LIHWAP yo baze sou montan aryere reyèl pou dlo ak/oswa egou aktyèl yo, jiska yon maksimòm 2,500 dola pa konpayi dlo oswa egou, oswa 5,000 dola si sèvis dlo ak egou yo konbine, pou chak fanmi ki aplike.

## **Èske m ap bezwen ranbouse benefis LIHWAP mwen yo?**

Non. Fanmi yo ki resevwa benefis LIHWAP yo p ap gen pou ranbouse benefis yo.

Sèl lè yo ta ka mande pou moun ranbouse lajan se si yo ta detèmine ke aplikasyon yo te soumèt la te gen fwòd epi yo pa te dwe apwouve aplikasyon an.

## **Kilè m ap resevwa benefis LIHWAP yo?**

W ap resevwa yon Avi sou Desizyon Elijibilite pou LIHWAP ki enfòm si aplikasyon ou an te apwouve oswa refize nan 30 jou ouvrab apati jou nou te resevwa aplikasyon siyen ak ranpli ou a. Si ou manke enfòmasyon, aplikasyon ou an ka rete annatant pou jiska 10 jou ouvrab ki pa enkli nan tan tretman aplikasyon an.

Si li apwouve, tanpri otorize omwen 90 jou pou vandè w la kredite kont pou dlo ak/oswa egou ou ak benefis LIHWAP la.

## **E si mwen pa dakò ak Avi Desizyon Kalifikasyon LIHWAP la oswa mwen pa t resevwa yon Avi Desizyon Kalifikasyon LIHWAP nan trant (30) jou ouvrab?**

Ou gen dwa pa dakò ak Avi Desizyon Kalifikasyon LIHWAP la oswa si gen plis pase trant (30) jou ouvrab ki te pase depi lè OTDA te resevwa aplikasyon ki siyen epi ranpli w la epi yo pa t fè ou konnen desizyon yo pran sou kalifikasyon ou an, ou ka mande yon apèl. Si ou manke enfòmasyon, aplikasyon ou an ka rete annatant pou jiska dis (10) jou ouvrab epi peryòd atant lan pa konte nan delè trant (30) jou ouvrab pou bay notifikasyon an. Aplikan ke yo bay refi oswa ki pa dakò avèk montan asistans yo ke yo te apwouve pou resevwa gen swasant (60) jou apati dat yo resevwa detèminasyon yo a pou mande yon kontestasyon. Ou ka mande kontestasyon yo pa:

### **Imèl:**

[NYSLIHWAP.appeals@otda.ny.gov](mailto:NYSLIHWAP.appeals@otda.ny.gov).

### **Telefòn:**

(833) 690-0208

**Alekri:**

NYS LIHWAP  
PO Box 1789  
Albany, NY 12201

**Èske gen lòt benefis oswa pwogram anplis LIHWAP la ki kapab ede fanmi mwen?**

Wi. Ou kapab pre-seleksyone pou elijibilite ak aplike pou lòt pwogram ak sèvis nan vizite [mybenefits.ny.gov](http://mybenefits.ny.gov).

**E si mwen deja resevwa asistans nan yon pwogram atravè konpayi dlo ak/oswa egou mwen an?**

Ou ka toujou elijib pou benefis LIHWAP yo.

**Yo te prelve aryere pou dlo ak/oswa egou mwen yo nan bòdwo enpo sou pwopriyete mwen an. Èske mwen toujou elijib pou m aplike?**

Wi. Ou ka soumèt yon kopi bòdwo enpo ou avèk aplikasyon ou an.

**Kisa ki konsidere kòm yon bòdwo ki anreta?**

Tout bòdwo konpayi dlo ak/oswa egou ki gen ven (20) jou reta.

**Èske LIHWAP kapab ede avèk tiyo kase oswa wobinè ki gen fwit yo?**

Non. Fon LIHWAP la sèlman disponib pou asistans pou bòdwo dlo ak/oswa egou. Ka gen lòt pwogram ki disponib pou ede ou. Ou ka aplike pou [Asistans Tanporè](#) sou entènèt nan [myBenefits.ny.gov](http://myBenefits.ny.gov) oswa ranpli [fòm aplikasyon](#) an ak depoze li nan [Depatman Sèvis Sosyal Lokal](#) ou a.

Ou ka kontakte tou [Depatman Sèvis Sosyal Lokal](#) ou sou entènèt oswa lè w rele Liy Dirèk OTDA gratis la nan 1-800-342-3009.

**Kibò pou mwen ale si mwen gen kesyon sou benefis LIHWAP yo?**

Pou plis enfòmasyon sou LIHWAP, rele Sant Apèl LIHWAP Eta New York la nan 1-833-690-0208 oswa rele Liy Dirèk OTDA gratis la nan 1-800-342-3009. Ou ka voye imèl tou bay LIHWAP nan: [NYSLIHWAP@otda.ny.gov](mailto:NYSLIHWAP@otda.ny.gov).

**Ki moun ki ta dwe ranpli ak siyen aplikasyon an?**

Se moun prensipal epi ki gen responsablite dirèk pou peye bòdwo dlo, egou oswa dlo ak egou konbine a ki dwe ranpli aplikasyon an.

**Ki adrès mwen ta dwe bay?**

Ou dwe mete adrès pèmanan, primè ou.